Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 9 (9969) 1 март 2024 с. / Рузман 21 шагIбан 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Иргадулаб данделъиялда…

27 февралалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.



Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана ГОялъулгун ЧСалъул, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделаз 2023 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеязда, районалда РФялъул пачалихъияблъун кколеб миллияб программаялде хъвай-хъваял росиял тIуразариялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьениб гьабуна ГОялъулгун ЧСалъул отделалъул начальник Ибрагьим МухIамадовас.

Ахирийял соназ, гьеб нилъеда бихьула ва рагIуна, дунялалъулго бакI-бакIазда ракьбагъариялъул, кутакал гьурал рахъиналъул, цIикIкIараб къадар гIазулгун цIадазул раялъул, цIа, ракъдаллъи ккеязул хIасилалда, кьолеб зараралъул хIакъикъат. Рехсарал лъугьа-бахъинал кколел руго жеги гьел рукIинего рукIинчIел бакIаздаги.

ГIалимзабаз чIезабун буго тIабигIат тIубанго хисулеб букIинги гьединал балагьал лъугьа-бахъиназул къадар цIикIкIине бегьулеблъиги. Гьез кьолеб зарал дагьлъизабиялда тIад хIалтIани гурони, цоги батIияб ургъизе инсаниятална кIолебги гьечIо. Кколеб зарал дагьлъизабиялда тIад хIалтIизе ккани, хIалтIул къагIидабиги лъазе ккола. Гьелъин гьеб кинабго жидеде кколел гIуцIабаз зама-заманалда гIадамал ругьун гьариялъул тадбиралги тIоритIулел.

Араб соналъ жинца нухмалъи гьабулеб отделалъ гьабураб хIалтIуда тIасан Ибрагьимица абуна: *«Нижеца хIалтIи гIуцIун букIана цудунго хIадурараб планалда рекъон, узухъда, хIажалъи ккараб заманалда гьелъулъ хиса- басиялги гьаруна.*

*Гьез рес кьуна цере лъун рукIарал макъалаби, рагIа-ракьанде щун, тIуразаризе. Нилъеда лъала, хасго ракъдалаб ва багIарараб заманалда нилъер рохьахъ, харибакIахъ, хурзабахъ цIа ккеялъе ресал цIикIкIун рукIунеллъи. Гьелъ, хасаб хIукмуялдалъун, районалда цIа ккеялдаса цIуниялъул режим лъазабула, тIоритIула рейдал ва халкквеялъул тадбирал.*

*Цоги, чвахун цIадал раялъул хIасилалда, лабаллъабазда рукъзал ругел бакIаздаса рехе тIубарал гIорал абухъего чвахулел рукIуна. Гьеб заманалда хIинкъи букIуна, рукъзабахъе лъимги кIанцIун, гьел риххиялда, бакI-бакIал ччукIиналда, чIахIиязул гIумруялъецин зарал ккезе бегьиялда, рукъалъул рухIчIагольаби лъеца иналда ва гь.ц.*

*Гьеб рахъалъ хасал тадбирал тIоритIана Ленинаул ва Калининаул росабалъ (рикьана гIумруялъе цIуни гьабиялда хурхарал памяткаби, лъуна лоткаби, ва лъим чвахун иналъе санагIалъаби гьаруна).*

*Араб соналъ нижеца тIоритIана командалъулгун штабалъул ругьунлъиялъул кIигоги 64 объекталда гьединалгоги тадбирал. Гьезда цадахъго, ЧСалъул комиссиялъул данделъаби тIоритIана. Гьединго, зарал ккаразе гIарцулаб кумек гьабиялъе документалги хIадурана.*

*ЦIаккеялда хIинкъи букIараб заманалда гIуцIана, гьеб жидеде кколел гIуцIабазул («ПЧ-42», «Казбекалъул рохьихъанлъи» ва гь.ц.) хIалтIухъабигун, рохьазда хадуб хъаравуллъи кквеялъулал группаби, бакI-бакIазда чIезаруна цIаккеялдаса цIунизе ахIиялъул баннерал ва ахIиял. Гьедин гьабиялъ хIасилал кьечIогоги течIо, араб соналъ рохьахъ цIаккеялъул хIужаби рукIинчIо.*

*Цере чIарал масъалаби руго балагьаздаса цIуниялъе гIадамазул лъай жеги борхизабизе ва материалиябгун техническияб нахърател щулалъизабизе хIажат букIин»*, -ан.

Гьес гьабураб кIалъаялда хурхун, районалъул бетIерас абуна: *«ТIоцебесеб иргаялда, балагьал лъугьа-бахъиназдаса нилъеца лъимал цIунизе ккола. Бищунго гIемер лъимал ракIарула лъималазул ахаздеги лъайкьеялъул гIуцIабаздеги. Гьелъ цIикIкIараб кIвар буссинабизе ккола гьел гIуцIаби техническиял алатаздалъун хьезариялдеги гьезул коллективал ругьун гьариялдеги. РикIкIад гьечIо хинаб заманалъул къоял, ва лъимал гIемерисеб заманалда къватIир рукIине ругел каникулал. Гьеб хIисабалде босизе ва лъималазе бичIчIен кьеялъул хIалтIи гучIлъизабизе ккела.*

*«ПЧ-42» ва «Казбекалъул рохьихъанлъи» гIуцIабазги кIудияб кIвар кьезе ккела лъайкьеялъул гIуцIабаздаги рохьаздаги цIаккей биччангутIиялде. БичIчIенкьеялъул ва халкквеялъул тадбираз квербакъизе буго балагьаздаса цIунизе. Цоги, лъайкьеялъул киналниги гIуцIабазда рукIинаризе ккола цIа свинабиялъе гидранталги лъим цIуниялъе хIавузалги.*

*ГОялъулгун ЧСалъул отделалъ тIубараб лъагIалица тIоритIизе ккола цIаккеялдаса цIуниялъе гьабулеб хIалтIуда хадуб халкквеялъул рейдал, гьезулъ хасаб кIвар буссинабе лъайкьеялъул школазде, мадрасазде ва гь.ц. гIуцIабазде»*, -ян.

КIиабилеб хIисабкьеялда тIасан кIалъай гьабуна цебехун рехсараб отделалъул начальник Ибрагьим Булатхановас.

Районцоязда лъала Ибрагьимица нухмалъи гьабулеб отделалъул хIалтIухъаби районалъул яги бакIазул даражаялда тIоритIулел тадбиразулъа камун рукIунареблъи. Газета цIалулезда, сайтазде раккулезда гьедин бугеблъи лъачIого букIине ресги гьечIо. Жиндирго кIалъаялда Ибрагьимица абуна: *«ГьабсагIаталда районалда хIалтIулеб буго спорталда хурхараб 72 объект, гьезда гьоркьор 17 спортзалги 25 спортивиял тадбирал тIоритIиялъе рес кьолел бакIалги руго.*

*Араб соналъ нижеца тIоритIана районалъулгун республикаялъул даражаялда 68 тадбир. Гьенир нилъер гIолилал васалгун ясаз лъикIал хIасилалги рихьизаруна.*

*Спорталда хурхараз жигараб гIахьаллъи гьабуна волонтёразулаб багъабачариялъулъ, СВОялда гIахьаллъулезе гурхIел-рахIмуялъулаб кумек гьабиялъулъ, гьеб бакIалде щвезабиялъулъ, дора гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабахъе щвеялъулъ, гIолохъабазул цIарал къватIазе кьеялъулъ, ракIалдачIеялъул ах чIеялъулъ, батIи-батIиял акцияби, фестивалал, слётал тIоритIиялъулъ.*

*Узухъда, гьеб кинабго гьабизе кIолароан, районалъул администрациялъул ва цогидал гIуцIабазул кумек нижее щвечIебани. РакI-ракIалъулаб баркала буго гьезие нижехъе кумекалъулаб квер бегьаралъухъ ва хIажатаб заманалда нижер хьолбохъ чIаралъухъ. Нижеца хIаракат бахъизе буго нужеца гьабураб божилъи ритIухъ гьабизе»*, -ян.

Ибрагьимил хIисабкьеялда хурхараб кIалъаялда ХIажимурад Мусаевас абуна: *«Ибрагьимица гьабураб хIисабкьеялдасан бичIчIуна районалда спорт цебетIезабиялъе гIезегIанаб хIалтIи гьабун букIин. Гьелдаго цадахъ, гьес нухмалъи гьабулеб отделалъ СВОялда гIахьаллъулезе, гьезулгун дора гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазе кумек гьабиялъулъги кIудияб бутIа лъуна.*

*Гьаб соналъ тIоритIулел тадбиразда гIахьаллъулезул къадар цIикIкIинабиялда цадахъго, кIудияб кIвар кьезе ккела тадбиразул качество цIикIкIинабиялдеги, тадбиразде гьоркьоре СВОялъул, НВФалъул гIахьалчагIазул, ресалда гьечIел хъизабазул лъимал цIазеги.*

*Араб соналъ нужеца гIезегIанаб хIалтIи гьабуна, гьелъухъ нужее кIудияб баркалаги буго»*, -ян.



Лъабабилеб суал рагьиялда сверухъ кIалъаял гьенир гьаруна архитектураялъул, бакIал раялъулгун ЖКХялъулги муниципалияб буголъиялъулгун ракьулгунисел гьоркьорлъабазулги отделазул начальникал ХIамзат ХIадаевас ва МухIамадмансур Эмеевас.

Газета цIалулезда лъалеб батила гьел гьалмагъзабаз жиндир хIакъалъулъ бицен гьабураб ва цебехун рехсараб суал цо чанго нухалда данделъабазул хал гьабиялде босун букIараблъи ва жеги гьеб бетIералде бахъинабизе кIолеб гьечIеблъи. БатIи-батIиял гIиллабазда бан, районалъул 13 росдал, Дилим, Ленинаул, Калининаул, ИчкIа, Буртунай ва ЦIобокь росабазул гурони, дазу-гIорхъабазул баянал миллияб системаялда лъун гьечIо.

Гьединго, хIадурун лъугIун гьечIо ракь хIалтIизабиялъулгун бакIал раялъул къагIидаби, гьел гьечIони, ЕГРНалда баянал лъезе рес букIунаро.

МухIамадмансурил биценалда рекъон, бетIергьаби лъазаризе кколел объектазул къадар 485 буго. 10 объект ЕГРНалде босунги 10-яб кадарстровияб хIисабалдаса бахъунги буго. ЦIех-рех гьабураб заманалда баянлъулеб буго росабазул администрациябазул, специалистал хIалтIи гьабиялда хадур гъолел гьечIеблъи. ЛъикIаб букIинародай, кинал рукIаниги ресалги ратун, гьеб суал тIубанго къаялъе тадбирал гьаризе? Гьеб къаялъ рес кьезе буго росабазул администрациябазе жидерго бюджеталде гIарац бачIинабизеги.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 — **Байрам кIодо гьабиялъул тадбиразда...**

гъум. 3 — **Дилималдаса гIалим ГIумахан-хIажи**

гъум. 4 — **Спорт**

*23 февраль-ВатIан цIунулесул Къо!*

# Байрам кIодо гьабиялъул тадбиразда...

ГIадатлъун лъугьун буго кинал рукIаниги байрамал (ТIолгодунялалъул, ТIолгороссиялъул, республикаялъул ва районалъул) гIатIидго тIоритIи. Гьаб заманалда гьедин гьабиялъе, узухъда, ресалги гIатIидал руго. Балъголъилъун кколаро рехсарал байрамазда гьоркьор хасал, нилъер гIадамазе цIакъго хирияллъун кколел байрамал рукIинги.

Гьединал байрамазда дандчIвай гьабизе цудунго хIадурлъула, гьезие хасгьабун, программаби гIуцIула ва гьел тIоритIиялъулъ гIемерал гIадамал гIахьал гьарула. РакIалдаса унаро СССРалъул заманалда 23 февралалъул байрамалда *«БагIараб Армиялъул*




*ва Рагъулабгун ралъдал флоталъул Къо»,* -ян цIарги гьеб цого рагъулаб хъулухъалда рукIаразул гIодобкъолъунги кколеб букIараблъи.

Доб заманалда дида кколаан, гьедин цогидаздаги кколеб букIун батила, социализм гIуцIулезул бетIерлъуда букIараб СССРалъе, гьай-гьай, ВатIан цIунизе бажарулел рагъухъабиги гьезие цогидазулалдаса тIокIаб ва къуватаб ярагъги хIажаталлъун кколилан. Гьедин букIине кколеблъиялда щаклъизе бакIги букIинчIо, гьеб дол соназ букIараб ахIвал-хIалалъ якъинго бихьизабулеб букIана.

Бихьана СССР, тIалъиялде рачIараз лъазабуна Россия капитализмалъул, ай, демократиялъул нухде лъугьанилан. Гьеб заманалда нилъер цо-цо политиказда ккана гьанже БакътIерхьул пачалихъал Россиялъе вацаллъун лъугьанилан. Пачаясул заманалде щвезегIанги гьесул заманалдаги тIад пикру гьабулезда бичIчIине кколареб букIарабищ нилъер улкаялде берцинаб бербалагьи къватIисел пачалихъазул киданиги букIинчIеблъи ва цониги гIасру, нилъгун рагъ гьабичIого, инчIеблъи?

Россиялъул гIатIидал ракьаз, гьениб букIараб бечелъиялъ гурищ гьелда тIаса хъантIиялъулаб бербалагьи босулеб букIинчIеб? Аллагьасе рецц, къокъаб заманалда, нилъер улкаялъул бутIрузда гьеб хехго бичIчIараб ва гьез, СССРго гIадин, Россияги бихьизе биччангутIиялъе хехал тадбирал гьарурал!

Гьезул хIакъалъулъ бицине дун лъугьинаро, гьел нилъеда цере руго. Щиб дие тIадехун рехсаралдалъун абизе бокьун бугеб?

Гьелдалъун цIалдолезе загьир гьабизе дие бокьун буго ВатIан цIунулесул Къо кIодо гьабиялъул байрам нилъер байрамазул аслиязул цояблъун кколеб букIин.

Узухъда, гьаб заманалда тIолабго нилъер улкаялда гьеб гIатIидго кIодо гьабиги гIодобкъолъун лъазабун букIинги битIараб буго. Цогидал бакIазда кIодо гьабиялдаса нахъе ккараб букIинчIо нилъер районалда гьеб кIодо гьабиги.

Гьеб кинабго тасдикъ гьабураллъун, районалъул администрациялдаса байбихьун, нилъер районалда тIоритIарал тадбиралги рукIана.

23 февралалда районалъул администрациялда тIобитIараб ВатIан цIунулесул Къо кIодо гьабиялъул данделъиялда гIахьаллъана ХI.ХI. Мусаев, РДялъул препринимателазул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ вакил Мурад ТIалхIатов, депутатазул вакилзаби, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби, СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразулгун рагъулаб хъулухъалда ругезул улбул, хIухьбахъиялъе ва сахлъи букIинабиялъе рукъор ругел СВОялъул гIахьалчагIи, лицеялъул цIалдохъаби, «Маргьа» лъималазул ахалъул гьитIичал ва цогидал.

Баркиялъул рагIабигун кIалъазе вахъарав ХI.ХI. Мусаевас гьениб абуна:

*«ВатIан цIунулел рукIиналъин нилъее рес кьураб гIемермиллатазулаб, къуватаб ва лъиениги къуркьулареб улка гIуцIизе.*

*Цебегоялдаса гьедин букIинчIебани, букIинароан нилъер пачалихъги. Нилъеда лъала СВОялда гIахьаллъулел нилъер гIолохъаби кин рагъулел ругелали ва гьез тIадаб налъи тIубалеб бугеб къагIида. ГурхIула гьезда гьоркьор камиял кколел рукIиналдаги. Гьезие даимаб рецц ва кIочонгутIи. Баркала буго ВатIан цIуниялъул мухъилъ ругел тIолазего»,* - ян.





КIочаразда ракIалде щвезеги лъаларезда лъан букIинеги гьаниб рехсезин гьадинаб хIужа. Районалъул депутатазул Собраниялъ къабул гьабураб хIукмуялда рекъон, районалда шапакъатал кьеялъул система лъикIлъизабиялъе, къотIи гьабун буго *«Хасал хъулухъазухъ»* орден, *«Социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ»* медаль, *«Районалъул хIурматияв гражданин»* цIар, *«ХIурматалъул грамота»* ва «Баркалаялъул кагъат» кьезе бихьизабизе.

Гьеб, районалъул бищунго тIадегIанаб орден СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал рагъухъабазул лъабго инсуе кьуна. Гьез жигараб гIахьаллъи гьабуна СВОялда гIахьаллъулезе кумек гьабиялъулъ, чанго нухалда гьел рагъухъабазухъеги щвана. Гьеб орденалдалъун кIодо гьаруна рагъухъабазул умумул Айгуп Абужанатовги Басир Идрисовги. Гьединабго, орден СВОялда жиндирго вас гIумруялдаса ватIалъун хадусан, живго разилъун, СВОялде арав ГIадилгерей Адильбиевасеги кьуна.

Гьединго, районалъул бетIерас Баркалаялъул кагътаздалъун, кIодо гьаруна Украиналда гIумруялдаса ратIалъаразул умумулги.

СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул умумузул рахъалдасан, жидер гьабулеб тIалаб-агъазалъухъ районалъе нухмалъулезе баркала загьир гьабураб кIалъай гьениб Айгуп Абужанатовас гьабуна.

Байрам баркиялъулал кIалъаял гьенир гьаруна цевехун рехсарав Мурад ТIалхIатовас, ЦРБялъул педиатр Мадина Дарбищевалъ ва РУОялъул начальникасул заместитель Сайгибат Герехановалъ. СВоялда ругезул, гьезул хъизабазул тIалаб- агъаз гьабиялъухъ районалъул администрациялъе баркала загьир гьабураб кIалъай гьениб ИчкIа росулъа СВОялда гIахьаллъулев МухIамадрасул Аминовас гьабуна.




*«Цогояб Россия»* партиялъул хIаракаталдалъун тIобитIулеб *«БахIарзазе хинлъи»* акциялда рекъон, районалъул бетIерас хIухьбахъиялда ругел СВОялъул гIахьалчагIазе «кьижиялъе турпи» сайгъат гьаруна.

Гьенибго данделъиялъул гIахьалчагIаз СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал, минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун, ракIалдеги щвезаруна.

Лицеялъул цIалдохъабаз рагъухъабазда гьенир жидецаго хIадурарал *«хандахъазул хIедучирахъал»* рихьизаруна. ТIоцересел 100 хIедучирахъги рагъухъабазухъе хъварал кагъталги гьез фронталде ритIун руго, жеги 500 ритIизеги руго.




Узухъда, цогидал байрамаздаго гIадин, культураялъул хIалтIухъабаз гьенир байрамалда хурхарал церерахъиналги тIоритIана, гьез СВОялъул гIахьалчагIаз ритIун рачIарал видеобаркиялги рихьизаруна.

Данделъиялъул ахиралда ХI.Мусаевас СВОялда гIахьаллъулел ва гьабсагIат хIалхьиялда ругел рагъухъаби жиндихъего къабул гьаруна.

Гьай-гьай, администрациялда тIоритIаралго гIадинал, тадбирал тIоритIана районалъул культураялъул рукъзабахъ, лъайкьеялъул гIуцIабазда ва цогидалги бакIазда.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# Предпринимателазе пайдаялъе

Араб анкьалда РДялъул предпринимателазул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ вакил Мурад ТIалхIатов районалъул администрациялда нилъер предпринимателазул сообществоялъул вакилзабигун дандчIвана. Гьединго гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, федералияб налогазулаб хъулухъалъул вакилзаби Руслан ГIусманов, Камил ХIажиев ва администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби.



Гьеб тадбиралда районалъул предпринимательлъи цебетIеялъе кIвар бугел суалал рича-чвана. М.ТIалхIатовас сообществоялда цебе лъуна мухIканаб масъала, предпринимателазе эркенлъи, кидагосеб рахъкквей букIинги загьир гьабуна. Гьес пачалихъалъул экономика цебетIей, аслияб къагIидаялда, гIисинал ва гьоркьохъел предпринимателазул ишазда бараб букIин бичIчIинабуна.

Гьениб предпринимателазул ишазулъ дандчIвалел захIмалъабазулги бицана, гьезул рахIат хвезабулел суалазе гIатIидал жавабалги щвана.

***Динара Батиева***

*Инсан ва гIумру*

# Дилималдаса гIалим ГIумахан-хIажи




МухIкан ГIумахан-хIажи гьавураб заман лъаларо, бицуна гьев 19 абилеб гIасруялъул 40 абилел соназ гьавунин. Гьесул эмен Элдархан Гертмаялдаса вукIун вуго, эбел абуни, Дилималдаса. Биценалда рекъон, Элдархан вукIуна имам Шамилил рагъазулъ жигараб гIахьаллъи гьабурав, дин ккурав ва бахIарчияв гIолохъанчи.

Цо ккараб рагъдаги лъукъун, гьев росулъ сахлъи букIинабиялда тIад хIалтIулев вукIуна, амма, жиндиего дару-мах гьабулев ва гIагарав чигун къецги ккун, тохлъукьего Элдарханихъа гьев хола. Рекъел-маслихIат гьабуниги, гIагарлъиялда гьоркьоб ккараб питна-кьал буцIцIине заманги хIажалъулелъул, росдал имам ДибирмухIамадица гьесда абула, хвалил бетIергьабазда къварилъи кIоченегIан, цо чанго соналъ росуги тун ани, лъикIаб букIинилан.

Гьес абурабги гьабун, Элдархан Дилималде вачIуна ва рещтIен жиндирго рагъулав гьудул Гебекида аскIоб гьабула. Гебек кколаан гIалимчилъунги, бахIарчилъунги, имам Шамилил наиблъунги. Гьев вукIана Шамилил бахIарчияв наиб ХIажибегил вас, Элдарханил бахIарчилъиги бихьун, ХIажибегица жиндирго яс ФатIимат (Ажи) гьесие лъадилъун кьола. Гьезие гьавурав ккола ГIумахан-хIажи.

Динияб рахъ ккураб хъизан букIиналъ, гьесулъ гьитIинго бижуна диналдехун рокьи. ГIелму босиялъе рукъобго кьучI лъурав гьев росдал дибирлъунги Салатавиялъул къадилъунги вукIарав Дилималдаса КъурбанавхIажихъ цIалула. Къуръанги цересел тIахьалги гьесухъги цIалун, ГIумахан-хIажи тIубанго гIелмуялъулъе лъугьуна.

Росулъги вукIун, гIелму лъазабизе захIматаб иш букIиналъ, ГIумахан-хIажи цин Гертмаялде, цинги Хубаралде уна. Динияб гIелмуялде унго-унгояб рокьи бугел дунялалъул рагIалдецин щолаан гьеб лъазабизе. ГIемерал хIужаби рукIана ракъунги, къечонги, хIатта рагьдателаллъун хIалтIунги, гIелму лъазе тIалаб гьабиялъул. Гьединазул цоявлъун вукIанин абизе бегьула ГIумахан-хIажиги. Хубаралда лъай босун хадусан, гьев, лъай цIикIкIарал, гьваридго гIелму лъалел ва гьелъул унгоял устарзаби ралагьун, Дагъистаналъул гIемерал бакIаздеги щола.

Светскияб цIалулъго гIадин, динияб гIелму лъазабиялъулъги рукIуна хасал программаби. Гьелъул болъоялдаса эхеде вахине бокьарас цониги болъодул хIокI гьоркьоб биччазеги бегьуларо. МутагIилзабазул, гьанже школазда экзаменал кьолел гIадин, лъай борциналъе хасал комиссиял гIуцIулаан. Щвараб лъай хIалтIизабизе лъалеб бугищали хал гьабизе гьел бакI-бакIазде имамзабилъунги ритIулаан.

Гьедин ГIумахан-хIажи Гелбахъалде кколa. Росу ккураб бакIалъго, гьенире ккарал тIамулаан цIодоралльунги, бегIералльунги, гIелму кодоб бугеллъунги рукIине. Гьев гьениве ккарал сонал рукIана имам Шамиль асирлъуде ккарал, пачаясул чукъбуз тIалъи босарал, къокъгьабун абуни, нилъер гIадамазе яшавалъе цIакъ захIматал. Кин букIаниги, ГIумахан-хIажица бакIалъул гIадамазда живго вихьизавула бажари, лебаллъи ва гIелму кодоб бугевлъун.

Цодагьаб заманалъ Гелбахъалдаги хIалтIун, гьесул къотIи ккола ЧIикIаб росулъе гIелмудул камиллъи тIалаб гьабизе ине.

Гьел 1870 абилел сонал рукIуна. Гьеб заманалда гьесул къасд ккола хIеж борхизе инеги. Биценалда рекъон, Салатавиялъул гIадамалгун цадахъ, лъелго ун, лъабго нухалда гьес хIежги борхун буго. Гьелдаса хадув, дагьалъги гьваридго гIелму лъазаби мурадалда, гьев гIарабазул улкабазда яшав гьабизе чIун вуго.

БичIчIине ккола, лъелгоги хьвадун, лъабго нухалда хIеж борхи бигьаяб ишлъун букIинчIеблъи. Гьенире унезул гIумруялъецин хIинкъи букIунаан. Чанги хIужа букIана нилъер гIадамал нухда хварал, чIварал ва талавур гьарурал, амма Аллагьасде, Гьесул диналде бугеб рокьиялъ гIадамазда кинабго кIочене гьабулаан, ва гьел щибаб санайил исламалъул щуабилеб рукну тIубазе нухде рахъунаан.

Узухъда, ГIумахан-хIажил лъай-хъвай ккола гIарабазул цIар рагIарал гIалимзабигуни. Гьел цоцахъе хъвадарулелги рукIуна. Чанго соналъ къватIисел улкабаздаги вукIун, гьев ВатIаналде тIадвуссуна. 1877 соналъул марталда ГIумахан-хIажи Дилим росдал къадилъун тIамула. Хъулухъалде тIамилалде, жамагIаталъул къадруял чагIиги данделъун, щив хъулухъалъе мустахIикъав вугевали дандбалаан, хадур тIолалго росдал гIадамал гIахьаллъарал рищиял тIоритIулаан. ГIумахан-хIажиги къадилъун гьедин вищула. Гьелъ бихьизабула кинаб къадру-къимат жамагIаталда гьоркьоб гьесул букIарабали.

Гьев къадилъун вукIарал соназ гIадамазул хъвай-хъвай (перепись) гьабурал кагътал жеги цIунун руго. Тарихалъулъе лъугьунезда лъазе ккола имам Шамиль асир гьавун хадуб, пачаяс Дагъистаналда нилъер гIадамазде данде кколарел жиндирго законал хIалтIизаризе байбихьараблъи. Гьеб хIежьезе кIвечIел гIадамал 1877 соналъ пачаясде данде рахъуна. Гьеб соналъ Россияги Турцияги цоцалъ рагъулелги рукIуна. ГIумахан-хIажида бичIчIуна Россиялде дандчIеялъул щибниги ккезе гьечIеблъи, гьелъие гIиллабиги гьесда цIакъ лъикI лъалаан. Гьедин ккезеги ккана.

Тарихалдаса нилъеда гьеб дандчIеялъул кинал хIасилал ккаралали лъала. Нилъер гIемерал гIадамал, тIубарал хъизабигун, Дагъистан тун къватIирехун, гьезул цIикIкIунисеб къадар,Сибиралде ккола, гьезда гьоркьов ГIумахан-хIажиги вукIуна. ВатIаналдаса къватIирехун кканиги, гIалимзабаз гIадамазда гьоркьоб дин тIибитIизаби толеб букIинчIо.

ГIумахан-хIажица цадахъ ругезе хъвала диналъул кьучI лъазабиялъул тIехь ва гьарула пайда цIикIкIарал хъвай-хъваял.

1882 соналъул июлалда, цогидаздаса дагьалъ кватIун, гьев ВатIаналде тIадвуссуна. Гьев цIидасан росдал имамлъун тIамула ва гьес росдал лъималазе мугIалимлъи гьабула. 1885 соналъ ГIумахан-хIажи кIиабилеб нухалда хIежалде уна. Гьесул хIаракаталдалъун росулъ мадрас (1895 с.) рагьула.

Гьеб мадрасалда цIалулев вукIуна алмахъазул цIар рагIарав гIалим ГIамиргIали-хIажиги. ГIумахан-хIажи 1899 соналъул ноябралда Аллагьасул къадаралде щола, ва росдал хабалалъ вукъула. ГIумахан-хIажил бищунго кIудияб бергьенлъилъун рикIкIунеб буго МухIаммад Аварагасде ﷺ гьабураб *«Аминтаза»* къасида, ай, мавлид гIараб мацIалдаса магIарул мацIалде буссинаби (таржама гьаби). Щай гьедин рикIкIунеб?

Бакъбаккул литература, поэзия бокьулезда лъазе ккола некIсияб заманалдасаго гIарабазул ракьалда билълъанхъун букIараб гIадат. Гьенир, лъагIалида жаниб цо нухалда, гIадамал ракIарулел рукIун руго жидецаго хъварал кучIдул цере рахъизе ва гьел хъвалъул къагIидабазул къецал тIоритIизе.

Узухъда, берцинал рагIабаздалъун гьел гIуцIи, гьезул цоцалъ рекъей, чвахун рачIин, магIна букIин ва кучIдузул цогидалги рахъазул хал гьабулел гьел данделъабазда тIадегIанал къиматал щварал гIадамазда гIасрабаз кIоченеги кIочонароан. Бицен гьечIищ, гьединал къецазда нилъер Аварагас ﷺ Къуръаналъул сураби цIаларабзаманалда кучIдул рахъулезда гьоркьор гьесде гIунтIарав бажари бугев ва ваккичIин. (Байбихьиялда гIарабаз Къуръан поэзиялъун рикIкIунеб букIун буго). Гьай-гьай, аминтазаги, тIадехун рехсараб къагIидаялда, гIуцIун букIана. Дагъисталалде гьеб кида бачIарабали мухIкан лъазе кIоларо. Гьелдаса шигIраби Паймакиса Абубакарица жиндирго тIахьазулъ хIалтIизарулел руго. Гьелъ рес кьола XVIII гIасруялъул байбихьиялдагоцин гьеб Дагъистаналда машгьураблъун букIанин абизе. Аминтаза Дагъистаналъул цогидал мацIазде буссинабун буго гIицIго XIX - XX гIасрабаз. ТIоцебе, бажарун, пасихIго гьеб магIарул мацIалде буссинабуравлъун ГIумахан-хIажи ккола. МухIкан гьес гьелъул таржама гьабураб сон цIех-рех гьабулезда лъанги гьелъул тIоцебесеб таржама гьезухъе щунги гьечIо. Жиндир хIакъалъулъ биценалдалъун гьелъул бичIчIен кколаро, гьеб цIализе ккола.

Узухъда, мавлидалги назмабиги хъвазе ккани, цого гIелму лъараб гIоларо, гьелъие Аллагьасго кьураб махщел хIажалъула, гьеб ГIумахан-хIажиясулъ гIунги тIокIаб букIараблъи бичIчIуна, *«Аминтаза»* мавлид цIаларабго.

Бицен буго ХIоцоса Нажмудин Каиралъул *«Аль-Азкар»* университеталда цIалулаго, гьенир Аварагасде ﷺ узухъда, гIараб мацIалда, назму бахъиялъул къецал гIуцIун рукIанин ва гьес гьениб тIоцебесеб бакI босанин. Гьеб тамаша гурищ?

Гьединал гIалимзаби нилъер чан рахъинчIел? Гьезда гьоркьоб цо хасаб бакI ГIумахан-хIажица кколеб букIараблъиялдаги щаклъи гьечIо, щай абуни, ВатIаналда ругелдаса цIикIкIарал биценалги хъвай-хъваялги гьесул хIакъалъулъ къватIисел исламиял пачалихъазда цIикIкIун рукIун.

Инжилалда хъван буго Писа аварагас (гI.с.) абурабила *«Жиндир ВатIаналда аварагъ гьечIо»*, -ян. Гьеб тасдикъ гьабула, некIсияб заманалдаса байбихьун ва МухIаммад Аварагасде ﷺ гIунтIун, рукIарал аварагзабазул тарихалъ. Гьедин батила Дагъистаналдаги, гIалим хIисабалда, ГIумахан-хIажи лъалел дагь ругел. Нилъер диналъулъе лъугьун ругезда, гьай-гьай, гьев лъачIого рес гьечIо. Гьесул гIумруялъул, бажариялъул цо дагьалъгIаги баян кьезе мурадалда, ГIумахан-хIажил наслуялъул гIадамазул къотIи ккола гьесул хIакъалъулъ тIехь къватIибе биччазе ва гьез гьеб тIубазабуна. 1000 тиражгун къватIибе лъугьана, *«Дилималдаса гIалим ГIумахан-хIажи»* цIаралда гъоркь, гьесул хIакъалъулъ гуребги хъвараб тIехь.

ГIагараб ракьалъул тарих бокьулезда гьеб тIехьалда батизе буго гIемераб цIияб материал, хIатта жидер умумузул хIакъалъулъцин. МухIаммад ИнагIабасовасда бажарун буго ГIумахан-хIажил хIакъалъулъ гIезегIанаб, абизе бегьула цIубарабилан, материал данде гьабун, ва, ракI тIаде цIалеб къагIидаялда, цоцалъ рекъезабун.



Дагьал цересел къояз Дилим росдал цебесеб мажгиталда (гьеб 1868-1871 соназ цIи гьабуна ва гьелъул михIмар эхетана) тIобитIана цебехун рехсараб М. ИнгIабасовасул тIехь къватIибе лъугьиналда ва гьебгун лъай-хъвай гьабиялда хурхараб мажлис. Гьенир гIахьаллъана Дилим ва Гертма росабалъа ГIумахан-хIажил наслуялъул гIадамалги жамагIатчагIиги.

Мажлис рагьана Дилим росдал имам Шамиль Къурбановас. Данделъи гIуцIиялъе гIиллаги бицун, гьес тIадчIей гьабуна ГIумахан-хIажица наслабазе тараб гIелмияб ирсалда, гьелъул бугеб кIваралда ва пайдаялда.

Хасго гьес тIадчIей гьабураблъун гьениб букIана *«Аминтаза»* мавлидалъе ГIумахан-хIажица гьабураб таржама.

Гьесда хадуб кIалъазе рагIи кьуна тIахьил автор МухIамад ИнгIабасовасе. МухIамадица гьениб бицана тIехь биччазе ккараб пикруялъул, материал бакIарулаго, дандчIварал захIмалъабазул, кумек гьабуразул ва гьеб биччаялдалъун, районалъул гIадамазе гуребги, ккараб пайдаялъул.

Гьесда хадур кIалъазе рахъана ГIумахан-хIажиясул наслуялъул чагIи: ГIамирхан ГIамирханов, Рафиль СагIидов, МухIамадапанди Дадаев (Дилим) ва МухIамадзагьир Юнусов (Гертма). Гьез данделъаразе бицана ГIумахан-хIажил гIумруялъул, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна тIехь биччаялъе квер бакъаразе, гьелъул авторасе ва тадбиралда гIахьаллъизе рачIаразе.

Гьаниб бицен гьабичIого бегьиларо ГIамирхан ГIамирхановас жиндирго кIалъай батIи-батIиял махщелазул гIадамаз рехсарал, тIехьалда хурхарал пикраби загьир гьариялъул кьучIалда, гIуцIун букIанин. Киналго пикраби гьанир рехсон бажариларо, амма гIалимчи, тарихчи, пачалихъияв жамгIияв хIаракатчи Расул МухIамадовасги филологиялъул гIелмабазул доктор, профессор Сираждин ХIайбулаевасги ГIумахан-хIажил гIумрудул, гьес нахъа тараб гIелмуялъул хIакъалъулъ абураб рехсечIогоги рекъон букIинаро.

Расулица абун буго: *«Салатавиялъул гIадамал кирениги зияраталъ ине кколаро. Гьезие ГIумахан-хIажил хобалде зиярат гьабуни гIола»*, -ян.

Сираждин ХIайбулаевасги жиндирго тIехьалда хъвалеб буго: *«Дилималдаса ГIумахан-хIажи вукIана кIудияв гIалимчи ва чанго тIехьалъул автор»*, -ян.

Мажлис ахиралде щвана дугIа гьабиялдалъун, цадахъаб сурат бахъиялдалъун ва М.ИнгIабасовас къватIире риччарал тIахьал гIахьаллъаразе рикьиялдалъун. РакIалде ккола гьеб мажлис гьелъулъ гIахьаллъаразе цIикIкIараб пайда кьолеблъунги халатго рекIелъ чIолеблъунги букIинин.

*Ибрагьим Идрисов*

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Гуниялда- спорталъул байрам

23 февралалда Гуни росулъ тІобитІана, нагагьаб балагьалдалъун гІумруялдаса ватІалъарав Рамазан Сайпудинов (ж. м. ч.) ракІалде щвезавиялда хурхун, гІуцІараб волейболалъул турнир.

Гьениб Дагъистаналъул ва Россиялъул батІи-батІиял шагьаразда гІумру гьабулел гунияздасан гІуцІараб 11 команда гІахьаллъана. Турнир гІуцІараллъун рукІана Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Султан ХІамзаевасул кумекчи Камал ГІабдулаев ва Рамазанил классцоял. Гьеб тІобитІиялъул рахъ нилъер районалъул бетІер ХІажимурад Мусаевасги ккуна.

Турнир рагьиялда кІалъаял гьаруна районалъул депутатазул Собраниялъул




председателасул заместитель НурахІма Меджидовас, имамзабазул Советалъул председатель МухІамадрасул МухІамадгъазиевас, харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургІалиевас, росдал имам МухІамадгІариф Пумаханов, росдал администрациялъул бетІер ХІабиб Юнусовас, техническиял гІелмабазул доктор Таслим Байбулатовас, гимназиялъул цІалдохъан Къурбан МухІамадхІажиевас, гьелъулго завуч МухІамад Шейховас ва ММАялъул дунялалъулго чемпион, Рамазанил классцояв Джамбулат Меджидовас.

Гьез жидерго кІалъаязда гьединал турниразул гІолилазда гьоркьоб гьудул-гьалмагълъи щула гьабиялъе бугеб кІвараллъулги чорхол сахлъи букІунабиялъе пайдаялъулги бицана.

ХІалуцарал къецазда хадуб, тІоцебесеб бакІалде бачІана *«Арбат»* команда, кІиабилеб бакІ босана *«Салатавия»* командаялъ ва лъабабилеб бакІалъе *«Гуни»* команда мустахІикълъана.

Цогидал турнираздаго гІадин, гьенир лъикІ хІарал волейболистални рихьизаруна. Бищунго лъикІ хІараллъун рикІкІана-Сайдула Базаев («Салатавия»), Муслим Сурхаев, СагІит ХІосейнов (*«Арбат»)*, бищунго гІолохъанав хІалевлъун -Камиль ГІабдулаев (*«Салатавия»)*, соназ кІудиявлъун -Батирсултан Вагьабов- (*«Ветераны»*), балагьаразул ракІалзе асар гьабураллъун-ГІусман Шейхов, Юнус ХІамзатханов ва ГІабдулхІажи Убайсов.

Призалъул бакІал ккурал командабазе гьенир грамотаби, медалал, кубокал ва турнир гІуцІиялъул комитеталъул рахъалдасан, хасал сайигъатал кьуна.

Хадусеб къоялъ гьенибго, Россиялъул БахІарчи Арзулум Ильясов ракІалде щвезавиялъе гІуцІараб эркенаб гугариялъул районалъул турнирги тІобитІана.

Гугарухъабаз гьенир гІадамазе рокьулел ва берцинал дандчІваял рихьизаруна. Гьел кІиябго къоялъ тІоритІарал турнирал Гуни росдал спорталъул байрамалде сверун рукІанин абизе бегьула

***Ибрагьим Идрисов***

# Волейбол

25 февралалда Дилим росдал гимназиялда тІоритІана, росдал бетІер Арсен Магьдихановасул призалъе гІоло, волейбол хІаялъул турнир.




Гьенир гІахьаллъана росдал микрорайоназул 7 команда. ХІалуцарал хІаяздаса хадур тІоцебесеб бакІалде «Базар» команда бачІана, кІиабилеб ва лъабабилеб бакІал *«Апал»* ва *«КъванкІ»* командабаз росана.

Призалъул бакІал росарал командабазе гьенир кубокал, медалал, грамотаби ва гІарцулал шапакъатал кьуна.

Бищунго лъикІ турниралда хІараллъун Шамиль Гьайирбеговги, НурмухІамад ЛатІиповги, Нажбудин Нажбудиновги, Ражаб СагІидовги рикІкІана.



23 февралалда Дилим росдал гимназиялда, 2010-2011 соназ гьарурал ясазда гьоркьор, волейбол хІаялъул зоналиял къецал тІоритІана.

Гьел къецазда Муса ГІазаевасул спортшколалдаса ясазул командаги гІахьаллъана ва гьеб чемпионлъун бахъана. Нилъер командаялъе Дагъисталда тІоцебесеб бакІалъе гІоло хІазе рес щвана.

Ясазул командаялъул тренераллъун Наида Алясаеваги, Нажбудин Нажбудиновги ккола.

25 февралалда тІадехун рехсараб гимназиялда 2010-2011 соназ гьарурал васазда гьоркьорги зоналиял къецал тІоритІана.



Гьениб Муса ГІазаевасул спортшколалдаса васазул командаги чемпионлъун бахъана.

Васазул командаялъул тренераллъун Ринат Булатханов, Гьайирбег Гьайирбегов ва Сайгид Гилакаев ккола.

Командаялъе Дагъистаналъул чемпионаталда хІазе рес щвана.

***Насрула Алиукъаев***

# Правила пожарной безопасности при использовании газовых приборов

Про электронагреватели и отопительные печи писалось уже не раз.

Конечно, именно они чаще всего становятся причинами пожаров. Но, кроме них, существует еще целый ряд других опасных нагревательных приборов, например, газовые плиты и колонки. Применяемый для отопления и бытовых нужд газ, смешиваясь в определенной пропорции с воздухом, образует взрывчатую смесь. Газ может взорваться, если он из-за неисправности газопровода или беспечности жильцов, проник в помещение. Для этого достаточно небольшого источника огня — от спички или искр выключателя электроосвещения.

При эксплуатации газовых плит, печей и колонок необходимо соблюдать следующие правила:

чтобы зажечь газ, надо сначала зажечь спичку и поднести ее к газовой горелке, после этого немного открыть кран, когда огонь загорится, можно отрегулировать подачу газа;

если подача газа прекратилась, немедленно закройте перекрывной кран у горелки и запасной на газопроводе;

при появлении запаха газа в помещении надо немедленно погасить топящуюся печь, закрыть общий кран на газопроводе и проветрить помещение;

о каждой неисправности газовой сети или приборов необходимо немедленно сообщить в контору газового хозяйства.

Если вы будете выполнять все вышеперечисленные требования, то огненная беда обойдет вас стороной.

**Памятка для пользователей бытовым газом**

1.Не допускайте к газовым приборам детей и лиц, не знающих правил обращения с этими приборами.

2. Не храните газовые баллоны в гаражах, в квартирах, на балконах.

3. Заправляйте газовые баллоны только в специализированных пунктах.

4. Самостоятельно не подключайте и не отключайте газовые плиты в квартирах.

5. Не используйте газовые плиты для обогрева квартиры.

6. Соблюдайте последовательность включения газовых приборов: сначала зажгите спичку, а затем откройте подачу газа.

7. Уходя из дома, не забудьте выключить газовую плиту и перекрыть вентиль на баллоне.

8. При утечке газа не зажигайте спичек, не курите, не включайте свет и электроприборы.

9. При появлении запаха газа немедленно выключите газовую плиту, перекройте кран подачи газа, проветрите помещение и вызовите работников газовой службы.

**ПОМНИТЕ!**

Взрыв бытового газа в помещении может стать причиной обрушения здания или его части, возникновения пожара, травмирования и гибели людей. В этом году есть случаи взрыва камина, от чего погибло молодая семья из пяти человек

***Т.К. Чегуев, зам. начальника ПЧ-42 с.Дылым***

**БетІерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГІабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХІайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхІажиева ва З.ХІ ХІасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гІ.ХІ.ХІамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахІачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448, багьа-эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола